

Chè paran avek menmb fanmy,

Mwen ap ekri nou pou souwete nou yon bonn ane, e pou kite nou konnen de bagay enteresan ki pral rive nan mwa-sa yo e nou ta renmem ke paran patisipe.

Pou nou kapab fè ane-sa a pi bon, nou ta renmen pataje enfòmasyon de pwogram ke nou pral genyen ki kapab ede ou menm avek pitit-ou resevwa plus nan tan ke ou pase avek NPS

Share Your Priorities for Newark Public Schools: (Pataje Priyorite-ou avek Newark Public Schools): Nap òganize reynion katye pa katye pou nou ranmase opinion nan domèn ke pou nou bay priyorite pou nou kapab devlope yon plan estratejic nan yon nivo komunòtè. Silvouplè vini jwenn-nou nan youn nan reynion (pou moun ki pa kapab vini, na toujou pataje yon ankèt avek lekòl-yo pou nou kapab konplete nan semen kap vini pou pataje opinyon-nou):

Locations	Dates*
• East Ward: East Side High School	1/21/16
• West Ward: West Side High School Campus	1/28/16
• North Ward: Barringer High School Campus	2/03/16
• Central Ward: Quitman Street Community School	2/04/16
• South Ward: Malcolm X Shabazz High School	2/10/16
• All Ward Final Meeting: Central High School	2/25/16

*all times 6-8pm

Gather Information for School Enrollment: (Rasable Enfòmasyon pou Enskripsiyon Lekòl) : Pou tout fanmy kap chèche enskry yon timoun nan lekòl pou mwa septenb kap vini, genyen enfòmasyon ki kapab ede nou fè chwa avan dat limit enskripsiyon-a ki le 29 fevriye (tout enfòmasyon entenèt-yo disponib nan sant enskripsiyon distrik-lan avek lekòl local-yo):

- Wè nouvo Guidebook pou enfòmasyon nan www.NewarkEnrolls.com
- Ale nan yon seans enfòmasyon lekòl : Wè kalandrye-nou nan www.NewarkEnrolls.com pou wè kilè chak lekòl ap organize seans enfòmasyon-li.
- Patisipe nan gran mache lekòl nan distrik Newark: Nou pral ba-nou enfòmasyon kòm dat avek lè de gran mache-an nan semèn kap vini-yo.

Revise Rezulta PARCC: Nan semèn kap vini-yo, si pitit-ou te pran egzamen PARCC ane dènyè, ou pral resevwa enfòmasyon nòt-li. Gen anpil resous disponib ki pou ede paran konprann rezulta-yo:

- Vizite "Understand the Score" ("Konprann nòt-la") nan sit <http://understandthescore.org/> pou ke nou kapab aprann kisa rezulta-yo vle di pou nou kapab ede pitit-nou nan pwosè edukasyon-yo.
- Komunike avek direktè lekòl-yo pou nou kapab ale nan yon seans denfòmasyon avek pwofesè-yo e lòt anplwaye lekòl-la pou diskute rezulta pitit-ou.

Mèsi pou tout sa nou fè pou etudyan-yo e tout komunote lekòl Newark-yo. Mwen kontan travay avek nou pou fè ane-sa yon gran ane pou aprantisaj e suksè tout etudyan-yo.

Sensèrman,



Christopher D. Cerf

Supèntandan

Lekòl Publik nan Newark